

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Sanggeus ngalaksanakeun sakabéh prosés panalungtikan, panalungtik bisa ngébréhkeun kacindekan ngeunaan déskripsi prak-prakan pangajaran, déskripsi hasil pangajaran, jeung déskripsi suasana diajar maca pamahaman artikel ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* saperti di handap ieu:

- 1) Prak-prakan modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nganalisis jeung ngaguar eusi wacana artikel, nepi ka siswa bisa nangtukeun gagasan poko hiji wacana, nuduhkeun kalimah utama jeung kalimah penjelas, ngabedakeun kalimah anu nuduhkeun fakta jeung opini sarta bisa nyangkem informasi atawa pesen anu diinformasikeun dina hiji wacana artikel anu ahirna siswa bisa ngaluarkeun gagasan-gagasan jeung méré tanggapan kana eusi wacana artikel nu dibaca ngagunakeun basa sorangan. Salian ti kitu, Léngkah-léngkah modél pangajaran *timbal-balik (reciprocal teaching)* bisa leuwih ningkatkeun kaaktifan siswa sabab prosés pangajaran ngagunakeun modél ieu leuwih museur di siswa, guru ngan saukur jadi fasilitator.

- 2) Modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* bisa ningkatkeun hasil diajar maca pamahaman artikel siswa. hasil diajar ngaronjat dina unggal siklusna. Hasil diajar maca pamahaman diukur ngagunakeun tés pamahaman bacaan anu ngawengku 5 kamampuh kognisi diantarana kamampuh ingetan, kamampuh terjemaahan, kamampuh intépretasi, kamampuh aplikasi jeung kamampuh analisis. Tina hasil TPB nu dilaksanakeun, katitén yén dina prapanalungtikan siswa anu tuntas nya éta 10 urang atawa 26,32% sedengkeun anu teu tuntas 28 urang atawa 73,68%. Dina tés TPB siklus I siswa anu tuntas 20 urang atawa 52,63% sedengkeun anu teu tuntas 47,37%. Hasil TPB dina siklus ka II nya éta 38 urang atawa 100% tuntas.
- 3) Modél *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* bisa nyiptakeun suasana diajar maca pamahaman artikel anu PAKEM (aktif,kréatip jeung *menyenangkan*). Hal ieu katitén ku ngaronjatna hasil tés kamampuh bacaan (TPB) siswa dina unggal siklusna nepi ka sakabéh siswa bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun sarta dina ngalaksanakeun léngkah-léngkah pangajaran siswa leuwih katempo saregep jeung daria.

5.2 Rekomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran maca artikel ngagunakeun modél *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rekomendasi.

1) Pikeun Guru

Dina tahap ngararancang pangajaran ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*, guru kudu leuwih asak, utamana dina nyusun Rencana Prak-prakan Pangajaran (RPP) jeung ngatur alokasi waktu, ieu hal kacida pentingna sangkan kabéh tahapan pangajaran bisa katepikeun sacara optimal luyu jeung rencana anu geus ditangtukeun.

Dina ngalaksanakeun léngkah-léngkah pangajaran *timbal-balik (reciprocal teaching)* guru kudu bener-bener leuwih optimal dina ngaping siswa sangkan prosés jeung léngkah pangajaran lumangsung kalawan tartib.

Guru dipiharep bisa nyiptakeun suasana diajar anu pakem (aktip, kreatif jeung *menyenangkan*), sangkan henteu monoton sarta hasil diajar siswa bisa leuwih maksimal jeung nyugemakeun.

2) Pikeun Siswa

Kamampuh jeung kabiasaan maca karangan artikel jeung karangan séjénna kudu terus ditingkatkeun sangkan bisa ngabedakeun antara karangan nu hiji jeung karangan séjénna sarta bisa nangtukeun gagasan poko éta wacana, ngabedakeun kalimah utama jeung penjelas sarta ngabedakeun kalimah anu nuduhkeun fakta jeung opini. Anu ahirna bisa ngaluarkeun gagasan-gagasan ngeunaan wacana nu dibaca sarta bisa méré tanggapana kana éta wacana.